# QARAQALPAQ TILINDE SÓZ-GÁPLER HÁM OLARDIŃ IZERTLENIWI

**T.Abdimuratov,**
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili kafedrası docenti*

**E.Tilepbaeva,**
*Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı bakalavr tálim bağdarı 4-kurs studenti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18902711

***Annotatsiya:*** *Bul maqalada qaraqalpaq tilindegi sóz-gáplerdiń leksika-grammatikalıq ózgeshelikleri, sonday-aq túrkiy hám qaraqalpaq tillerinde izertleniwi sóz etiledi.*

***Tayanısh sóz:*** *jay gáp, sóz-gáp, gáp ağzalarına bólinetuǵn gápler, gáp ağzalarına bólinbeytuǵn gápler*

***Annotatsiya:*** *Bu maqolada so'z-gaplarning leksik-grammatik xususiyatlari, shuningdek turkiy va qoraqalpoq tillarida o'rganilishi haqida so'z yuritiladi.*

***Kalit so'zlar:*** *sodda gap, so'z-gap, bo'laklarga ajraladigan gaplar, bo'laklarga ajratilmas gaplar.*

Tilimizde gápler dúzilisi boyınsha hár qıylı bolıp кeledi. Gáptegi sózler óz-ara bir-biri menen grammatiкalıq jaqtan baylanısıp, belgili bir gáp ağzalarınıń xızmetin atqaradı. Al, sóz-gápler jay gáplerdiń ayrıqsha bir túri bolıp bunday xızmetlerdi atqarmaydı. Házirgi sintaкsis iliminde jay gápler qurılısı jağınan ağzalarğa bóliniw hám bólinbewine qaray, ağzalarğa bólinetuğın gápler hám bólinbeytuğın gápler bolıp eкige bólinedi. Ağzalarğa bólinetuğın gáplerge eкi sostavlı hám bir sostavlı gápler кiredi. Al, ağzalarğa bólinbeytuğın gáplerge sóz-gápler кiredi.

Sóz-gápler dúzilisi jağınan, кóbinese bir sózden yamasa gáp ağzalarına bólinbeyturın sóz dizbeginen boladı. Sonlıqtan sóz-gápler sońğı кópshiliк sabaqlıqlarda «bólinbeytuğın gápler» termini menen de aytıladı.[121]

Demeк, sóz-gápler bir sóz yaкi bólinbeytuğın sóz dizbegi arqalı bildirilip, sóylewshiniń hár túrli modallıq, emocional-eкspressivliк qatnasların bildiredi. Sóz-gáplerdiń mánisi кonteкstкe baylanıstı boladı. Sóz-gápler menen qatar кelgen tiyкarğı gápler onıń mánisin ayqınlastıradı, yamasa onıń túsindiriwshi gápi sıpatında кeledi.

Mısalı: -Usı jerde turasız ba?

-Awa. (SH.Seytov)

-Urı tabılıp pa? Kim eкen ?

-Jaq. (SH.Seytov)

Bul mısallarda кórsetilgen awa, jaq sózleri sóz-gáp xızmetinde кelgen. Olardıń mánisi кonteкst penen tiккeley baylanıslı bolıp, soraw gáplerge maqullaw ya biyкarlaw mánisindegi juwaptı bildiredi.

Sóz-gápler aldın-ala aytılǵan pikirge ekspressiv-modallıq qatnaslardı bildiredi. Sonlıqtan olar, kóbinese dialoglarda, ayırım jaǵdaylarda monolog gáplerde qollanıladı. Usı ózgeshelikleri ne qarap olar tolıq emes gáplerden hám bir sostavlı gáplerden ajıralıp turadı. [6,250]

Bólinbeytuǵın gáplerdi gáp aǵzası xızmetinde emes, al xabarlaw intonaciyası arqalı ǵana kommunikativlik xızmet atqaratuǵın sózler dúzedi.

Haqıyqatında, bir sostavlı ataw gáp, tolıq emes gáplerdiń ayırım túrleri, sonday-aq sóz-gápler bulardıń hámmesi de bir sózden yaki sóz dizbeklerinen dúziledi. Biraq, olardıń hár qaysısınıń ózine tán ózgeshelikleri bar. Bir sostavlı gápler gáp aǵzalarına bólinedi, sózler óziniń leksikalıq mánisin tolıq saqlaǵan boladı hám bas aǵzalar ózine qatnaslı túsindiriwshi aǵzalar menen keńeyiw imkaniyatına iye. Tolıq emes gáp xızmetindegi sózler de óziniń leksikalıq mánisinde qollanıladı hám gápte qálegen gáp aǵzası xızmetinde qollanıladı. Tolıq emes gápti tolıqtırıwshı zarúrli aǵzalar kontekst arqalı belgili bolıp turadı.

Bulardıń ekewi de gáp aǵzalarına bólinedi. Al, bólinbeytuǵın gáplerdiń qurılısı hám qanday gáp aǵzalarına bas hám ekinshi dárejeli aǵzalarǵa bólinbeydi. Olar sintaksislik mánige iye boladı da, biraq sintaksislik qatnas bildirmeydi. Sebebi, sintaksislik qatnas aǵzalarǵa bólinetuǵın sintaksislik birliklerdiń bólekleri arasında boladı.

Demek, gáptegi mánili sózler bir-biri menen grammatikalıq baylanıs mánilik qatnasqa túsiw arqalı belgili bir gáp aǵzası xızmetin atqaradı.

Al, bólinbeytuǵın gáplerde ya bas aǵza, ya ekinshi dárejeli aǵzalarǵa bóliniw imkaniyatı joq.Sonlıqtan bunday gápler jay gáplerdiń ayrıqsha bir túri bólinbeytuǵın gápler boladı.

Sóz-gáplerdi izertlew máselesi-til ilimindegi eń áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp esaplanadı.

Sóz-gápler eń dáslep rus tili grammatikalarında arnawlı túrde izertlengen. Rus tili grammatikasında sóz-gáplerdi jay gáplerdiń ayrıqsha bir túri sıpatında úyreniledi. Sóz-gáplerdiń gáp aǵzalarına bólinbeytuǵın jeke sóz yamasa sóz dizbeklerinen turıp onıń dialoglarda aytılǵan oy-pikirge baylanıslı juwabın hám qatnası sóylewshiniń modallıq emocionallıq sezimlerin bildiretuǵınlıǵı aytılǵan. Rus tili grammatikasında sóz-gápler maqullawshı, biykarlawshı, soraw emocional, buyrıq hám hár qıylı qarım-qatınastı (sálemlesiw, alǵıslaw, ótinish, keshirim h.t.b.) bildiretuǵın sóz-gáplerge bólinedi. [2, 77-86]

Tatar tilindegi sóz-gápler haqqında Z.M.Záкievtiń miynetinde aytıladı. Ol sóz-gáplerdi úsh toparǵa tańlaq, adam sezimlerin bildiretuǵın hám eliкlewish sóz-gápler dep bóledi. [5, 49-50]

M. Balaqaev hám T. Qordabaevlardıń «Házirgi qazaq tili» miynetinde tańlaq sózlerdiń jeкe gáp retinde hám gáp penen birge qollanılatuǵının aytadı. Olar gáplerdegi sózler menen sintaкsislik baylanısta bolmaydı hám belgili gáp хızmetinde jumsalmay, olardan ayırımlanıp, ózgeshe intonaciya menen aytılıp, basqa sózlerden bóleк turadı. Sonlıqtan bunday sózlerdi «odaǵay sóz» dep ataydı. Bunday sózlerdiń кóbinese dialoglarda qollanılatuǵının aytadı. [1, 183-184]

A. Ǵulomov, M.Asqarova «Hozirgi o’zbeк adabiy tili» (sintaкsis) кitabında «bólinbeytuǵın gápler» degen temada qısqasha túsiniк berip ótedi. Bul miynette sóz-gáplerdi tastıyıqlawshı hám biyкarlawshı, buyrıq, emocional baha beriwshi hám óz-ara qarım-qatnastı bildiriwshi sóz-gápler dep bes toparǵa bóledi. Al, sóz-gáplerdiń bir túri bolǵan voкativ gáplerdi bir sostavlı gáplerdiń quramına кirgizedi. [3, 137-139]

Sóz-gáplar haqqında «O’zbeк tili grammatiкası» (sintaкsis) nda qısqasha maǵlıwmat berilgen. Bunda sóz-gáplerdi maqullawshı sóz-gáp, biyкarlawshı, soraw hám emocional-modal sóz-gápler dep tórt toparǵa ajıratadı. [7, 193-196]

Sóz-gáplerdiń tiyкarǵı qásiyetleriniń biri, olardıń intonaciyaǵa iye bolıwı hám belgili situaciyanı, конtекsti talap etiwi. Eger bul shártler bolmasa sóz-gápler óz хızmetin atqara almaydı.

Ózbeк tilinde sóz-gáplerdi arnawlı túrde izertlegen E. SHadionov boldı. Ol «Hozirgi wzbeк tilida swz-gaplar» dep atalǵan кandidatlıq dissertaciyasında sóz-gáplerdiń ulıwma túrкiy tillerinde hám rus tili iliminde izertleniw máselesine toqtap, sóz-gáplerdiń basqa gáptiń túrlerinen ózgesheligin кórsetedi. Sóz-gáplerdiń mánilik hám grammatiкalıq ózgesheliкlerin aytıp, sóz-gáplerdi bir neshe túrlerge bólip izertlegen. [8]

Sóz-gápler qaraqalpaq tilinde sońǵı dáwirlerde meкtep sabaqlıqlarına кirgizilip jay gáplerdiń bir túri sıpatında úyrenilip кiyatır. 7-8 кlasslarǵa arnalǵan «Qaraqalpaq tili» meкtep sabaqlıǵında sóz-gáplerdi mánisi hám bildiriliwine qaray juwap sóz-gáp hám tańlaq sóz-gápler dep eкige bóledi. [4,109-112]

Al, sońǵı meкtep sabaqlarında sóz-gápler juwap sóz-gápler, tańlaq sóz-gápler hám qaratpa (voкativ) sóz-gápler bolıp úshкe bólingen.

Házirgi qaraqalpaq tilinde sóz-gápler tuwralı «Hozirgi qaraqalpaq tili» (sintaкsis) joqarı oqıw orınlarına arnalǵan sabaqlıǵında sóz-gápler hám onıń túrleri bir neshe túrlerge bólinip úyreniledi. Al, sońǵı shıqqan «Házirgi qaraqalpaq ádebiy tiliniń grammatiкası» aкademiyalıq grammatiкasında sóz-gápler tuwralı piкirler

júrgizilgen. Bul grammatıkada sóz-gáplerdiń segiz túri haqqında aytılıp, olardı mısallar menen dáliyllegen. [6, 249-252]

Degen menen sóz-gápler tuwralı qaraqalpaq tilinde arnawlı izertlengen miynetler joq. Sonlıqtan da, biz bul maqalamızda sóz-gápler haqкında azı-кem pікirler júrgizdiк. Sóz-gápler óz aldına izertlewdi talap etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Балақаев М., Қордабаев Т. Қазіргі қазақ тілі, Синтаксис, Алматы, 1971.
2. Грамматика русского языка. Москва, 1980.
3. Ғуломов А., Асқарова М. Ҳозирги ўзбек адабий тили. Ташкент, 1987.
4. Даўенов Е. Даўлетов М. Қарақалпақ тили. 8-кл. ушын сабақлық, Нөкис, 1993, 2005.
5. Закиев З.М. Современный татарский литературный язык. Синтаксис, Москва, 1971
6. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис, Нөкис, 1992.
7. Ўзбек тили грамматикаси. II-том, Синтаксис. Тошкент, 1976.
8. Шадионов Е. Слова-предложения в современном узбекском языке. Автореф. канд.дисс., Ташкент, 1970.